



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN LOPITAL TIMOUN JOHN R. OISHEI A KI KOUTE 270 MILYON DOLA NAN BUFFALO

*Lopital 12 etaj, 185 kabann nan ap ouvè an Novanm - Foto yo [isit la](#)*

*Li resevwa yon soutyen 35 milyon dola finansman nan men eta a, sa gen ladan envestisman Buffalo Billion yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Kaleida Health te fini nouvo Lopital Timoun John R. Oishei a (John R. Oishei Children's Hospital) nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a (Buffalo Niagara Medical Campus). Lopital 270 milyon dola ki nan adrès 818 Ellicott Street la nan Buffalo pral ouvè an Novanm. Nouvo lopital la ranplase Lopital pou Fi ak Timoun Buffalo (Women & Children's Hospital of Buffalo) ki te la deja a epi l ap yon etablisman swen sante konplè ak pi efikas pou timoun nan Rejyon Lwès New York la.

“Nouvo lopital timoun nan se yon etablisman dènnye kri ki pral ofri plizyè dizèn milye timoun swen klas mondyal epi soutni endistri pwospè swen sante ak syans byomedikal la nan Buffalo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon lòt pwojè ankò ki demontre transfòmasyon Buffalo Billion nan epi ki pral kontribye nan relèvman ekonomik ak revitalizasyon Rejyon Lwès New York la.”

**Jody L. Lomeo, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kaleida Health, te deklare,** “Gouvènè Cuomo respekte yon angajman 35 milyon dola pou bati nouvo lopital la poutèt Eta New York kwè nan timoun nou yo ak nan avni nou. Lopital Timoun Oishei a pral garanti swen klas siperyè pral disponib pou manman ak timoun pandan jenerasyon k ap vini yo, isit la menm nan kominote nou an.”

Eta New York te investi 35 milyon dola pou pwojè a, sa gen ladan 15 milyon dola ki sòti nan Buffalo Billion pou enfrastrikti nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a e jiska 20 milyon dola nan lòt resous Eta a pou soutni nouvo lopital la. Kanpay lopital la te kolekte 50 milyon dola nan men byenfektè toupato Rejyon Lwès New York la.

Pwojè a gen sèvis bon dimansyon ak konsolide nan yon etablisman otonòm ak modèn 12 etaj, 185 kabann. Se sèl lopital otonòm pou timoun nan Eta New York, epi se sèlman youn pami 43 nan peyi a. Lopital la se yon pati entegral nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara la, ki relye avèk Buffalo General, Enstiti Vaskilè Gates la (Gates Vascular

Institute), Enstiti Kansè Roswell Park la (Roswell Park Cancer Institute), nouvo Inivèsite a nan Lekòl Medsin Buffalo a (Buffalo Medical School) ak lòt toujou.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** “Achèyman Lopital Timoun John R. Oishei a se yon eleman kle pou swen sante konplè nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a. Lopital la ap rasanble kèk nan pi gran ekspètiz medikal nan rejyon Lwès New York epi li se yon etablisman swen sante dènye kri pou timoun nan rejyon sa a.”

Lopital Timoun Oishei asire ke sèvis matènèl ak pedyatrik rete disponib pou pasyan yo nan rejyon Lwès New York. Vizyon pou nouvo lopital la se pou li rekonèt kòm inovatè a, piwo kalite, founisè wo valè ak patnè, ak sant referans rejyonal la pou swen sante fi ak timoun pou Kaleida Health, rejyon Lwès New York ak odela.

Lopital Timoun Oishei a pral ofri Rejyon Lwès New York la espesyalis pedyatri klas mondyal tankou paregzanp doktè, chirijyen, terapris respiratwa, enfimyè, enfimyè pratisyen, ak travayè sosyal, ansanm avèk pèsònèl soutyen ki gen konpasyon tankou oksilyè, menajè, dyetetisyen ki kapab pran swen tout timoun ki gen laj ant zewo ak 21 lane ak fanmi yo.

Ti bebe ki malad pi grav yo ak timoun yo vini nan lopital la pou swen, swa dirèkteman oswa atravè transfè nan lòt lopital yo. Se sèl etablisman swen pou timoun ki nan faz kritik epi li gen yon inite swen entansif nouvone Nivo 3, ak yon Sant Twomatis pou Timoun (Pediatric Trauma Center) Nivo 1. San resous ki disponib nan Lopital Timoun Oishei a jèn pasyan sa yo ak fanmi yo t ap gen pou vwayaje nan lòt zòn pou swen.

Platfòm pou aterisaj elikoptè 1.1 milyon dola ki sou tèt lopital la pèmèt ekip transpò timoun ak nouvone yo amelyore tan aksè ak tretman yo anpil pou pasyan yo, ki bezwen swen espesyalize pou timoun ak nouvone ki nan faz kritik. Sal H. Alfiero, fondatè ak ansyen prezidan Mark IV Industries, ak fanmi li te kouvri lajanman kou platfòm pou aterisaj elikoptè a nan nouvo Lopital Timoun nan.

Lopital Timoun Oishei a, Kanpis Medikal Buffalo Niagara a ak Vil Buffalo nan pwosesis tou pou fini yon ranp pakin wit etaj 40 milyon dola pou pasyan, vizitè ak pèsònèl lopital la. Lè li fini an Me 2018, ranp pakin nan ap gen yon total 1,825 plas pakin. Ranp pakin nan konekte avèk lopital la gras a yon pon pou pyeton.

**Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare,** “Ouvèti Lopital Timoun Oishei a se yon etap enpòtan nan transfòmasyon k ap fèt la nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a ak toupatou nan Rejyon Lwès New York la gras a Gouvènèm Cuomo ak Buffalo Billion. L ap ofri aksè a swen sante dènye teknoloji pou jèn pasyan nan tout rejyon an, epi l ap pran plas li pami enstitisyon klas mondyal yo pou fè Buffalo vin yon lidè nan rechèch medikal ak syans lavi. Kòm yon Nouyòkè Rejyon Lwès la pandan tout lavi mwen, mwen fyè anpil wè nouvo kay Lopital Timoun nan ki ale avèk misyon esansyèl li a.”

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Nouvo Lopital Timoun John R. Oishei a se yon akonplisman ekstrawòdinè, epi tout moun ki gen pou wè avèk li yo ta dwe fyè. Adrès kle li a isit la nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a pral garanti timoun yo nan Rejyon Lwès New York la ap resevwa swen medikal klas mondyal yo bezwen epi merite yo.

Kontribisyon 35 milyon dola Eta New York la nan pwojè sa a te ede garanti reyisit li, epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan pwojè sa a ki se yon priyorite pou rejyon nou an. Konpliman pou tout moun ki travay di pou fè vizyon sa a vin yon reyalite.”

**Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes te deklare,** “Konpliman pou Kaleida Health ak Lopital Timoun Oishei a pou selebrasyon inogirasyon li. Pwojè 270 milyon dola sa a ap prepare depi lontan. Gwo enstitisyon tankou Lopital Timoun Oishei a ak Lekòl Medsin UB a byenvini anpil nan Kanpis Medikal Buffalo Niagara a, ak nan 141yèm Distri Asanble a. Epitou mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak kolèg mwen yo nan Delegasyon Rejyon Lwès New York la dèske yo ede fè pwojè sa a posib pase pa Buffalo Billion.”

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Jodi a se yon nouvo jou nan swen sante nan Konte Erie, epi apati jou sa a yon bann milye timoun ak fanmi pral benefisye bèl travay anpil patnè fè pou Lopital Timoun Oishei a kapab vin yon reyalite. Onon Konte Erie, mèsì a tout moun ki te travay pou ede timoun jodi a, demen, ak pandan anpil ane apati kounye a.”

**Majistra Byron W. Brown te deklare,** “Kòm majistra bèl vil sa a, mwen fyè rekonèt enpak pwofon nouvo Lopital Timoun John R. Oishei a pral genyen sou sante fi ak timoun nan Buffalo, ak nan tout rejyon Lwès New York la. Inogirasyon jodi a se yon etap enpòtan nan swen sante pou rejyon nou an epi li apiye sou 125 lane swen plen konpasyon ak mirak medikal yo te pote chak jou nan Lopital pou Fi ak Timoun Buffalo a ki te esansyèl epi ke tout moun te renmen nan Buffalo.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418